



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 18 fevriye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK KLASE ANKÓ KÓM DEZYÈM PI GWO PWODIKTÈ PÒM AK TWZYÈM PI GWO PWODIKTÈ REZEN NAN PEYI A

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke New York yon fwa ankò te klase kòm dezyèm pi gwo pwodikte pòm ak twazyèm pi gwo pwodikte rezen nan peyi a, dapre estimasyon preliminè ki soti nan USDA. New York te pwodui yon estimasyon 1.26 milya liv pòm ak 188,000 tòn rezen ane pase, konbine pou yon rekòlt total \$358.4 milyon dola. Klasman an te vini sou talon yon seri rekòlt agrikilti ak rekonesans entènasyonal san parèy pou agrikilti New York nan kat dènye ane ki sot pase yo.

“New York se kay kèk nan pi bon pwodui agrikòl nan mond lan, e chif sa yo montre ke eta sa a rete yon lidè nasyonal,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Yon sektè agrikòl dirab non sèlman devlope ekonomi an epi kreye travay men tou fè l vizib ke New York ouvè pou biznis.”

Avèk estimasyon sa yo, sèlman California ak Washington depase New York nan pwodiksyon rezen e sèlman Washington te pwodui plis pòm pase Empire State ane pase. Yo te site kwasans endistri diven an patikilye kòm yon faktè nan nominasyon New York antanke “Rejyon Diven pou Ane a” pa magazine Wine Enthusiast nan oktòb ki sot pase a. Lòt faktè yo gen ladan kalite diven ak klima biznis ki amelyore grandman – patikilyèman sou kat dènye ane ki sot pase yo avèk sipò Gouvènè Cuomo.

Dapre Sèvis Statistik USD, New York se kay 40,000 karo tè an pòm ak rezen. Kiltivatè pòm yo te pwodui yon mwayèn 31,500 liv pa karo tè an pòm. Rekòlt total ane pase te \$289 milyon dola, yon ogmantasyon 22 pousan parapò a 2013. New York se egalman kay 37,000 karo tè ki angaje nan pwodiksyon rezen. Nan siyaj yon ivè terib ki swiv pi bon rekòlt nan istwa eta, pwodikte rezen yo te pwodui 5.08 tòn pa karo tè an rezen nan 2014 avèk pwodiksyon rekòlt ki totalize \$69.4 milyon dola.

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Endistri pòm ak rezen yo se senbòl ekselans nan agrikilti New York e mwen konplimante toulède endistri yo pou siksè yo nan 2014. Lè agrikilti a fonksyone byen, ekonomi New York la mache byen. Mwen pa wè lòt bagay ke yon avni briyan pou agrikilti isit la nan Eta New York.”

Pwogram Taste NY Gouvènè Cuomo a te ankouraje endistri pòm New York nan arè repo otowout la ak magazen fizik Taste NY ki lokalize toupatou nan eta, ansanm avèk degistasyon sidr nan evènman endistri a tankou nan Ekpozisyon sèvis manje ak Restoran Entènasyonèl Anyèl nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits nan Vil New York ak nan gwo fwa Eta New York nan Syracuse. Anpil pòm vèje ak sidri ekspoze fyèman etikèt Pride NY sou pwodui yo.

Nan oktòn 2013, Gouvènè Cuomo te siyen lwa pou fè nouvo lisans disponib pou sidr agrikòl yo ki itilize rekòlt ki grandi sèlman nan Eta New York. Nouvo lwa a te ouvè nouvo opòtinite pou endistri pòm eta pandan lap kreye 11 sidr agrikòl toupatou nan New York.

Pòm New York yo disponib pandan tout ane a nan plis pase 20 varyete sa ki gen ladan Cortland, Empire, Fuji, Gala, Golden Delicious, McIntosh, RubyFrost ak Zestar. Daprè Asosyasyon Pòm New York, yon pòm gwo sè mwayèn (apeprè 80 kalori) bay yon-senkyèm fib alimantè ki nesèsè pou sante dijestif ak kadyovaskilè e li pa gen grès sodyòm oswa kolestewòl.

Jim Allen, Prezidan Asosyasyon New York Apple, te deklare, “Nou ka nimewo de nan pwodiksyon nasyonèl pòm, men New York gen pi bon kondisyon kwasans ak pòm ki gen pi bon gou nan peyi a. Sa mete nou nimewo en nan kè konsomatè yo toupatou nan mond lan. Nèj ka atè a, men pòm New York yo, sidr ak lòt pwodui pòm yo disponib nan etablisman alimantè yo pandan tout ane a.”

Daprè yon resan etid sou enpak ekonomik ki te fèt pa Fondasyon Diven ak Rezen New York, endistri a gen yon enpak ekonomik de \$4.8 milya dola e li atire 5.3 milyon touris chak ane nan Eta New York. Endistri a sipòte 25,000 travay apentant avèk salè ki monte a plis pase \$1.4 milya dola. Taste NY kontinye egalman jefò l pou ede ankouraje endistri diven ak rezen an, pa twò lontan de sa li te ede 25 etablisman diven nan New York pou patisipe nan Ekspozisyon Diven Boston, youn nan pi gwo aktivite ki gen rapò a diven nan nòdès, wikenn ki sot pase a.

Jim Trezise, Prezidan Fondasyon Diven ak Rezen New York, te deklare, “Rekòlt rezen 2014 New York te chanje nan yon lòt fason ke anpil moun te espere apre tanperati fredri ekstrèm nan aktivite twa 'vortex polè' ki te fèt nan nò eta pandan ivè a, ki te swiv pa yon prentan ak ete ki te relativman frèt. Men septanm te parèt kòm yon bon maji pou matirite, kidonk kalite a te ekstraòdinè e kantite a te pi laj pase sa yo te prevwa anvan. Volim nan te 9% enferyè parapò a ane pase, men se paske 2013 te anrejistre pi gwo rekò nan rekòlt. E nan tout bagay, se te yon bon ane.”

New York te klase dezyèm nan pwodiksyon pòm chak ane depi 1996 e twazyèm nan pwodiksyon rezen chak ane depi 1987, avèk yon eksepsyon nan 1996 lè yo te klase eta nan dezyèm pozisyon. Eta New York tradisyonèlman te klase tou pami dis premye yo nan pwodiksyon nasyonèl bleyè, pèch, pwa, frèz, seriz dous ak seriz asid. Nan 2014, eta te klase katyèm nan pwodiksyon pwa, senksyèm nan seriz asid, uit nan seriz dous, nèf nan frèz, ak onz nan pèch ak bleyè.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.841